

Chè Rezidan,

Otorite Lojman Vil New York (New York City Housing Authority, NYCHA) senplifye **Règleman pou Asistans poutèt [Difikilte pou Peve Lwaye \(Rent Hardship Policy\)](#)** li a pou l vin pi fasil kounyeya pou bese lwaye w pandan kriz COVID-19 la.

### **Kimoun ki ka Aplike pou Asistans poutèt Difikilte pou Peve Lwaye?**

Si yo **diminye sou lè** travay ou, oswa si w **pèdi travay ou**, tanpri ranpli yon aplikasyon pou **Resètifikasyon Pwovizwa (Interim Recertification)** imedyatman.

Antanke rezidan nan yon lojman piblik, lwaye w ap toujou 30 pousan revni ki antre nan kay ou. **Si w pa gen okenn revni pou lemoman, lwaye w ap ZEW.**

**NANPWEN okenn peryòd datant pou fè NYCHA konnen ou pèdi revni (salè) ou. Tanpri pa pèdi tan.**

Yo anile peryòd datant 2 mwa yo abitye egzije moun tann pou yo aplike pou yon Resètifikasyon Pwovizwa.

### **Men Sa W Bezwen pou Aplike pou Asistans poutèt Difikilte pou Peve Lwaye**

Jiska nouvèlòd, rezidan NYCHA yo ka **OTO-SÈTIFYE** pèt revni yo. Sa vle di ke **dokiman sipò yo** tankou sou chèk salè yo, lèt yo ba ou kote wap travay la, ak/oswa verifikasyon benefis chomaj, yo konn egzije pou soumèt Resètifikasyon Pwovizwa a, **pa obligatwa pou lemoman.**

Si w gen dokiman sa yo, nap aksepte yo toujou. Epitou nap aksepte yon lèt ekri alamen ke yo ba w kote wap travay la ak/oswa imèl, epi nap aksepte yon kout telefòn de ansyen sipèvizè w oswa sipèvizè w gen kounyeya, kòm mwayen pou n verifiye pèt salè w la. Sepandan, si w pa gen okenn nan sa nou mansyone yo pou lemoman, ou ka toujou bay NYCHA dokiman sa yo nan yon lòt dat.

Kit ou gen dokiman sa yo, kit ou pa genyen yo, ou ka **OTO-SÈTIFYE** pèt salè w, soumèt aplikasyon w, epi wap resevwa yon rediksyon nan lwaye w.

### **Men Kijan pou Aplike pou Asistans poutèt Difikilte pou Peve Lwaye**

Pou n fasilite w, gen **TWA fason diferan** ou ka aplike pou yon **Resètifikasyon Pwovizwa**:

- Ale nan Pòtay Sèvis Lib (Self-Service Portal) NYCHA a nan [selfserve.nycha.info](https://selfserve.nycha.info)
- Rele Sant Kontak Kliyan (Customer Contact Center, CCC) NYCHA a nan 718-707-7771 (opsyon 5)
- Kontakte Biwo Jesyon Pwopriyete (Property Management Office) ou a pou mande yon aplikasyon sou papye, ke yo pral voye ba ou pa lapòs

## 1) Pòtay Sèvis Lib NYCHA

Lè w itilize Pòtay Sèvis Lib NYCHA a se metòd ki pi rapid e ki pi fasil pou aplike pou asistans poutèt difikilte pou peye lwaye.

Nou senpliye fòm ki sou entènèt la. Kounyeya gen **sèlman 6 etap** pou diminye lwaye w. Gade nan **[gid sa a](#)** ki montre w pwosesis etap-pa-etap la.

**1ye Etap:** Ale nan **[selfserve.nycha.info](https://selfserve.nycha.info)**.

**2yèm Etap:** Idantifye moun ki nan kay la ki pèdi salè li.

**3yèm Etap:** Bay dat moun nan te fè nan travay lkote li pèdi salè li oswa kote yo te diminye sou salè li; bay montan salè li tap touche anvan an; ak salè li touche kounyeya, si salè li bese.

**4yèm Etap:** Bay jande salè moun nan pèdi oswa ki bese a.

**5yèm Etap:** Pran foto dokiman yo epi telechaje yo (si yo disponib).

**6yèm Etap:** OTO-SÈTIFYE L epi soumèt li.

Aplikasyon anliy sa a itilize Google Translate pou l pèmèt ou jwenn aplikasyon an nan plis ke 100 lang.

## 2) Rele Sant Kontak Kliyan an (CCC) nan 718-707-7771 (Opsyon 5)

Kounyeya rezidan yo ka rele CCC a nan 718-707-7771 (opsyon 5) pou ranpli aplikasyon Resètifikasyon Pwovizwa a nan telefòn. Yon reprezantan sèvis kliyan nan NYCHA pral gide w, lap poze w kèk ti kesyon; ou ka **OTO-SÈTIFYE salè w pèdi a** epi w ka soumèt aplikasyon Resètifikasyon Pwovizwa a nan telefòn.

Yap konekte rezidan ki bezwen itilize sèvis tradiksyon yo dirèkteman avèk Language Helpline, ki pral ede pandan tout pwosesis la.

## 3) Kontakte Biwo Jesyon Pwopriyete w la

Epitou rezidan yo ka rele **[Biwo Jesyon Pwopriyete \(Property Management Office\)](#)** yo pou yo reklame yon aplikasyon Resètifikasyon Pwovizwa sou papyè.

Ou ka bay dokiman sipò yo mande yo ak aplikasyon sou papyè w la oswa w ka pran yon foto/telechaje/eskànè nenpòt dokiman epi w ka voye yo pa imèl bay Biwo Jesyon Pwopriyete w la.

Yon fwa w fin ranpli ak soumèt aplikasyon an, Biwo Jesyon Pwopriyete w la pral kontakte w pou **OTO-SÈTIFYE**.

Pou n ka fasilite w, nou tradui aplikasyon an nan **[13 lang diferan](#)**.

Ou ka itilize aplikasyon ki tradui a pou revwa kesyon yo nan lang ou vle a, sepandan ou oblije ranpli ak soumèt aplikasyon angle a.

**Kilè Rediksyon Lwaye a Ap Efektif?**

Yap ajiste lwaye w pou mwa a nan mwa kap tonbe apre w fin soumèt aplikasyon an. Si gen ajisteman lwaye ki pa fèt touswit, yo pral fè li retwo-aktif apatide de 1ye jou nan mwa apre w soumèt demann Resètifikasyon Pwovizwa a.

Si w pa remake yon chanjman nan lwaye w imedyatman, **NYCHA pral pèmèt ou peye yon pati nan lwaye a jiskaske yo trete aplikasyon an.**

Mèsi pou kolaborasyon w etan nap travèse peryòd difisil sa a ansanm.

Sensèman,

Greg Russ  
Prezidan ak Direktè Jeneral

Vito Mustaciolo  
Direktè Jeneral